# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

सरकार कहले हवे कि देस में कच्चा तेल क पुरहर भण्डार हौ अउर सज्जो तेल सोधन संयंत्र पुरहर क्षमता से काम कइ रहल हौ। पेट्रोलियम अउर प्राकृतिक गैस मंत्रालय क संयुक्त सचिव सुजाता शर्मा कहले हइनि कि भारत पेट्रोल आ डीजल उत्पादन में आत्मनिर्भर बा। उहां के कहलीं कि घरेलू पीएनजी अउर गाड़ियन बदे सीएनजी क आपूर्ति बिना कउनों कटउती के हो रहल हौ।

**भारत में पेट्रोल और डीजल का आयात करने की आवश्यकता नहीं है। हमारी सारी रिफाइनरी हंडरेड प्रसेंट की कैपेसिटी या उससे अधिक पर चल रही है। रिफाइनरीस के पास ऐडीक्वेट इंवेंटरी है क्रूट की और इसके अलावा सप्लाईजर ऑलसो मेंटेंड और इस स्थिति में पैनिक की कोई आवश्यकता नहीं है।**

संयुक्त सचिव ईहो कहलिनि कि पचीस हजार एलपीजी वितरकन के लग्गे एलपीजी क कउनों कमी नइखे हौ आ रोजाना पचास लाख सिलिण्डर बांटल जा रहल हौ।

ओहीं, सूचना आ प्रसारण मंत्रालय क संयुक्त सचिव सेंथिल राजन लोगिन से एलपीजी क बुकिंग खाली आधिकारिक जरिया से कइले क अपीलि कइलें आ ऑनलाइन ठगी से सतर्क रहे के कहलें।

**********

उत्तर प्रदेश पुलिस भर्ती अउर प्रोन्नति बोर्ड की ओरि से उपनिरीक्षक नागरिक पुलिस आ समकक्ष पदन पर भरती बदे आजु क लिखित परीक्षा सान्ती के माहौल में सकुसल पूरा भइल। बिहनहूं परीक्षा क आयोजन होई। दुन्नो दिन्ने दुइ पालियन में आयोजित होखे वाला येह परीक्षा में पनरह लाख पचहत्तर हजार सात सौ साठ अभ्यर्थी आवेदन कइले रहलें। लिखित परीक्षा के निस्पक्ष, पारदरसी, नकलविहीन आ सुचिता के साथे पूरा करावे बदे प्रदेस सरकार पुरहर इंतिजाम कइले हौ। सज्जो परीक्षा केन्द्रन क सीसीटीवी से मॉनिटरिंग कइल जा रहल हौ। सम्बन्धित जिलन क प्रसासनिक आ पुलिस विभाग क अधिकारी लोगि आजु परीक्षा के दौरान लगतारे भ्रमण करत परीक्षा केन्द्रन क सघन जांचि कइलें।

**********

अजोध्या में वर्ष प्रतिपदा के मौका पर ओन्नईस मार्च के श्रीराम मंदिर परिसर में एगो बिसेस धारमिक कार्यक्रम क आयोजन होई, जेहमें राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु भी सामिल होइहें। येह दौरान राष्ट्रपति श्रीराम यंत्र क विधि–विधान से पूजन करिहें। एगो रिपोर्ट–

***श्रीराम मंदिर के द्वितीय तल के गर्भगृह में स्थापित होने वाले श्रीराम यंत्र की स्थापना अट्ठारह मार्च को विधिवत कर दी जायेगी। यह यंत्र दो वर्ष पूर्व जगदगुरू शंकराचार्य कांची कमकोटी पीठ द्वारा श्रीराम जन्मभूमि को भेंट किया गया था, जिसकी पूजा अब तक मंदिर परिसर में की जा रही थी। इस कार्यक्रम में देश भर से संत–महंत और श्रद्धालु और जनप्रतिनिधियों के अलावा विभिन्न संगठनों के पदाधिकारी भी शामिल होंगे। केरल की प्रसिद्ध संत माता अमृतानंदा माई भी अपने लगभग एक हजार भक्तों के साथ कार्यक्रम में शामिल होने के लिये आयेंगी। तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।***

**********

प्रदेस क नगर विकास अउर ऊर्जा मंत्री ए.के. शर्मा आजु मिर्जापुर में करीब दुइ करोड़ रूपिया क कई गो विकास परियोजना क लोकारपण कइलें। येह मौका पर श्री शर्मा कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में देस में बिरासति के साथे विकास आ आस्था के साथे व्यवस्था क सोचि के जमीनि पर उतारल जा रहल हौ। उहां के कहलीं कि सरधा, संस्कृति आ समृद्धि के साथे ले के ही भारत के विकसित राष्ट्र बनावल जा सके ला।

**********

केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय, खाद्य सुरक्षा व्यवस्था के मजबूत करे आ कारोबार के असान बनावे बदे कई नियम में बदलाव के मंजूरी दिहले हौ। एकरे तहत भारतीय खाद्य संरक्षा अउर मानक प्राधिकरण–एफएसएसएआई क पंजीकरण अउर लाइसेंस के ले के अब पहिले के तरियन बेरि–बेरि लाइसेंस नवीनीकरण करावे क जरूरति नाही होई। नया नियम में पंजीकरण आ लाइसेंस क वैधता स्थाई कइ दीहल गइल हौ। एहसे कारोबारियन क समय आ पइसा दुन्नो बची। पहिले पंजीकरण आ लाइसेंस एक से पांच सालि बदे जारी कइल जात रहे। येही तरियन पहिले सलाना बारह लाख रूपिया तक क कारोबार पर पंजीकरण होत रहे, जेके बढ़ा के अब डेढ़ करोड़ रूपिया कइ दीहल गइल हौ।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु राष्ट्रीय लोक अदालति क आयोजन कइल गइल। येह दौरान ढेरि संख्या में कई तरह क लटकल मामिलन क आपसी सहमति से ओहिजुकवें निस्तारण भइल। अइसन बिबाद जवन अबहिन न्यायालय के सामने प्रस्तुत नाहीं भइल रहे, ओहू के बाद–पूर्व सुनवाई स्तर पर लोक अदालति के जरिया से आपसी सहमति से निपटावल गइल। राष्ट्रीय लोक अदालति में ट्रैफिक चालान, चेक बाउंस, भूमि बिबाद, पारिवारिक मामिला, मोटर दुर्घटना दावा, बिजुली, पानी क बिल आ बैंक ओसूली जइसन मामिलन क निस्तारण भइल।

**********

मौसम विभाग आवे वाला दुइ दिन ले प्रदेस क पच्छिमी अउर पूरबी इलाकन के कई सहरन में मौसम क मिजाज बदलल रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक मऊ, बलिया, देवरिया, गोरखपुर, संतकबीरनगर, बस्ती, कुशीनगर, महाराजगंज, सिद्धार्थनगर अउर एकरे लग्गे के इलाकन में चालीस से पचास किलोमीटर प्रतिघंटा के रफ्तार से बेयारि चलले के सथहीं ओलो परले क सम्भावना हौ। ओहीं, गोंडा, बलरामपुर, श्रावस्ती, बहराइच, लखीमपुर खीरी, सीतापुर, हरदोई, फर्रूखाबाद, कन्नौज के सथहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कई जिलो में गरज–चमकि के साथे तेज बेयारि आ हल्लुकाहे बुन्नी परले क सम्भावना बा।

**********